



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRAM VAKSINASYON ETA A

Yo administre 175,311 dòz nan dènye 24 èdtan yo

Yo te administre plis pase 1.4 milyon dòz pandan sèt jou pase yo

Tablodbò Vaksen an te mete ajou chak jou sou pwogram vaksinasyon eta a; ale sou ny.gov/vaccinetracker

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon Eta a. Yo te bay 175,311 dòz nan tout gwo rezo distribisyon eta a nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te bay plis pase 1.4 milyon dòz nan sèt dènye jou yo. Yo prevwa alokasyon semèn 18 la ki gen ladan 1,538,650 premye ak dezyèm dòz ap fin rive jodi a.

"Founisè nou yo ap travay 24 sou 24 pou mete piki nan bra yo, epi nou rete konsantre pou nou asire nou distribisyon vaksen an ekitab epi sit vaksinasyon nou yo aksesib", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwogrè nou an solid epi li regilye, men kapasite viris la menm jan an tou, se pou sa nou pa kapab pèmèt nou pèdi okenn nan pwogrè ekstraòdinè nou te fè a. Nou gen chans pou nou genyen yon patenè yo fè konfyans nan Mezon Blanch (White House) lan ki te detèminan nan ede kenbe apwovizyonman vaksinasyon nou an isit la nan New York, epi si nou tout kontinye pran vaksen an ak pratike enstriksyon sou pratik sekirite yo, nou pral bat bèt viris sa a yon fwa pou tout."

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib yo nan New York lajman depase kantite apwovizyonman ki soti nan men gouvènman federal la. Piske apwovizyonman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, epi yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11 AM jodi a.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 13,297,331

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 175,311

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,438,340

Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 41.4%

Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 28.1%

	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan
Capital Region	484,212	4,566	342,568	5,344
Central New York	411,200	2,949	302,589	3,248
Finger Lakes	506,402	5,838	355,985	4,666
Long Island	999,543	10,629	639,084	10,426
Mid-Hudson	865,453	9,945	553,305	7,489
Mohawk Valley	202,405	1,773	149,052	2,819
New York City	3,781,880	46,889	2,525,530	41,902
North Country	196,618	781	157,546	846
Southern Tier	267,664	1,539	192,595	2,065
Western New York	542,368	6,043	377,939	6,076
Nan tout Eta a	8,257,745	90,952	5,596,193	84,881

Rejyon	Kantite Dòz yo Resevwa Ototal	Kantite Dòz yo Administre Ototal	% Total Dòz yo Administre/Resevwa
Capital Region	942,030	801,626	85.1%
Central New York	786,335	675,596	85.9%
Finger Lakes	958,390	834,035	87.0%

Long Island	1,848,890	1,585,470	85.8%
Mid-Hudson	1,536,605	1,351,212	87.9%
Mohawk Valley	424,135	343,212	80.9%
New York City	6,813,325	6,040,377	88.7%
North Country	388,065	347,833	89.6%
Southern Tier	516,310	443,959	86.0%
Western New York	977,545	874,011	89.4%
Nan tout Eta a	15,191,630	13,297,331	87.5%

	1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	227,395	0	227,395	843,170
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat	260,150	239,525	499,675	2,801,055

25/01 - 31/01				
Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 01/02 - 07/02	321,850	220,720	542,570	3,343,625
Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 8/02 - 14/02	320,000	244,500	564,500	3,908,125
Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 22/2 - 28/2	393,530	305,780	699,310	5,229,950
Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 01/03 - 07/03	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110
Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 03/08 - 03/14	618,880	526,415	1,145,295	7,686,405
Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 03/15 - 3/21	699,790	584,775	1,284,565	8,970,970
Semèn 15 Dòz k ap vini nan dat 03/22 - 3/28	828,000	737,080	1,565,080	10,536,050
Semèn 16 Dòz k ap vini nan dat 03/29 - 04/04	819,800	569,905	1,389,705	11,925,755
Semèn 17 Dòz k ap vini nan dat 04/05 - 04/12	1,068,455	658,770	1,727,225	13,652,980
Semèn 18 Dòz k ap vini nan dat 04/12 - 04/18	763,825	774,825	1,538,650	15,191,630

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan;

done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)